



## **Kugendesha imodoka mu bihe bigoye**

- Kuba ufise ibikoresho bikwiye vy'imodoka mu gihe c'imbeho (aha hepfo).
- Gumana igikono cawe c'ibitoro n'imiburiburi kigera hagati.
- Shirako amapine meza yo mu gihe c'imbeho agenda cane n'impwemu.
- Bika akantu ko guhanagura ikiyo c'imbere hamwe n'umukubuzo muto wo gubura ibarafu. Gumiza amadirisha yose, ibinyoteri, hamwe n'amatara y'imbere nay'inyuma bitariko ibarafu.
- Suzuma icuma gishusha, ibateri, agahanagura ikiyo c'imbere hamwe n'amazi ahanagura ikiyo c'imbere.
- Tegura neza ingendo zawe mu bwitonzi, suzuma amakuru y'ikirere ya vuba kandi wumvirize iradiyo ku makuru agezweho mu gihe uriko uragenda.
- Menyasha abandi ikirangaminsi cawe hamwe n'inzira nyamukuru n'izindi utegekanya gucamwo. Tegekanya umwanya ukwiye wo gushika iyo uriko uraja.
- Genda buhoro, ibitera impanuka nk'ibarafu ntibiboneka uretse hamaze kurengerana. Ibuka ko ibiraro hamwe n'amabarabara yo hejuru bishobora kugira ibarafu gusumvya amabarabara.
- Ba maso cane rwose. Ibihomoke vy'ibarafu canke ibarafu birashobora kunyegeza abana canke iyindi imiduga.
- Bisira abakura amabarafu mu kubaha umwanya ukwiye kugira bakore akazi kabo mu mutekano ntangere. Itonde kandi ukurikire uri kure imodoka iri imbere yawe.
- Nimba uvuye mw'ibarabara mu gihuhusi c'ibarafu
  - Guma mu modoka aho abatabazi bashobora kugusanga bitagoranye. Zimya imoteri kandi ukure amabarafu mu muringoti usohora umwotsi canke ibindi bintu vyose vyayizibiye mu gihe ushobora kubikora ata nkomanzi.
  - Atsa imoteri hamwe n'icuma gishusha nk'iminota 10 buri saha kugira hagume hashushe. Igihe imashine iriko iraka, ugurura idirisha buhobuhoro kugira akayaga kinjire. Buri kanya kura ibarafu mu muringoti usohora umwotsi.
  - Nywa amazi kugira ntuhave ubura amazi mu mubiri.

- Raba neza ntuhave wonona umuriro wa bateri. Gukabukanya inguvu z'umuriro bisaba gukoresha amatara, gushusha hamwe n'iradiyo.
- Amabarafu ahejeje gukoroka, duza kapo kugira werekane ko ukeneye ubufasha.

**Ibikoresho vyo mu modoka mu bihe bidasanze:**

- Itoroshi ifise ibateri yo ku ruhande
- Terefone irimwo umucanwa/sharijeri y'imodoka
- Ibikoresho nkenerwa vy'ibanze
- Imbugita yo mu mufuko
- Uburengeti canke umufuko wo kuryamamwo
- Impuzu zo gukabukanya (harimwo iz'imvura, ibirato vy'imvura, amashesheti yo ku ntoke, amashesheti)
- Imfungurwa zirimwo karori nyinshi kandi zitabora (ivyamwa vyumye, intete, imfungurwa zo mu makopo)
- Akuma gahanagura ikiyo c'imbere & n'uburoso
- Igikoresho co kuzimya umuriro
- Igipawa
- Ibikoresho nkenerwa (ipense, isupani, iturunevisi)
- Umugozi wo gukwegesha
- Umugozi wo kwatsa ibateri
- Amatara yo kw'ibarabara/ibibonesha
- Igitambara gikayangana co gukoreha nk'ibendera
- Amakarata y'amabarabara